# QARAQALPAQ XALIQ QOSIQLARINIŃ TÚRLERI HÁM TERME TOLǴAWLAR

**Yoldasheva Asal**
**Maxmmatdinova Lola**
Qaraqalpaqstan Respublikası
*https://doi.org/10.5281/zenodo.17394758*

***Annotatsiya.*** *Bul maqalada Qaraqalpaq xalıq qosıqlarınıń túrleri hám terme tolǵawlar haqqında sóz etilgen.*
***Gilt sózler:*** *terme,tolǵaw ,baqsı, jıraw, tarıyx ,folklore, xalq.*

«Keńes» namasına Maqtumqulı sózine «Seni» qosıǵı naǵız Qaraqalpaqsha ırǵaq arqalı aytılatuǵın qosıq bolıp baqsılar tárepinen súyip atqarıladı. Bul qosıq jıllı sózleri arqalı tárbiyalıq áhmiyetke iye.

Ishki siriń aytpa hesh bir nadanǵa
Siriń elge jayip pash eter seni
Uri gazzap penen awillas bolma
Malińnan ayirip ash eter seni

Tariyxiy qosiqlardan «Qarqalpaq», «Edil», «Túrkistan», «Náyleyin» siyaqli qosiqlari saz arqali úlken tásir qaldiradi.

Misali`
Ata jurti Túrkistandi tasladi.
Esengeldi Máhrem joldi basladi.
Qitay Qońirat eki eldiń dástani
Xaliq awzinda ańiz boldi Qaraqalpaq

Qaraqalpaq xalıq qosıqlarınıń qatarında balalar qosıqları belgili bir orın iyeleydi. Bul qosıqlardıń oyın menen sawal juwap penen baylanısıp keliwiniń, úlken tárbyaılıq áhmiyetke iyeligin kórsetedi.

Balalar qosıqlarınıń ózgesheliklerin kórsetip N.Dawqaraev bılay dep jazǵan. «Ol ózgeshelikler eń áwele jámáát bolıp aytıladı. Ekinshiden, qosıq túri xalıq oyınları oynaǵan waqıtlarda aralas aytıladı. Úshinshiden sawal juwap retinde de aytıladi».

Joqardaǵi pikirlerge qosiliw menen birge balalar qosiqlariniń óz aldina kórkemlik ózgeshiligi qurilisi bar ekeninde ańǵariwimiz kerek. Misali`

Jigitler` Ayqulash ayqulash,
Ayǵa qarap qulash ash
Qizlar` Aydan basqa ne kerek
Jigitler` Aydan artiq qiz kerek

«Túlkishek», «Hákke qayda» siqli qosiqlar jámáát bolip, soraw juwap túrinde aytiladi.

- Hákke qayda ?
- uyasinda
- ne qilip atir?
- Keste toqip atir
- Kestesi qanday ?
- Alaqanday
- Kimler ushin ?

- Begler ushin
- Begler nesin biledi ?
- Altin pishaǵin biledi
- Oni qayda qoyadi ?
- Tal túbine qoyadi

**Atap ótken qosiqlardiń mazmunina názer salsaq balalardiń oy órisin ósiriwge olardiń úlken áhmiyetke iye ekenligin ańlaymiz. Misal keltirilgen Qaraqalpaq xaliq qosiqlari barliǵida ádep ikramliqqa balalardi duris tárbiyalawǵa, watandi súyiwge, oǵan hadal xizmet etiwge úyretedi. Sol sebepli fol`klor shiǵarmalardi mektepte qosiq sabaǵinda úyretiw zárúr dep, uliwma tálim mekteplerde muzika oqitiwshilarina jańa baǵdarlamasina á999-jili Mámleketlik tálim standarti ayriqsha itibar berilgen.**

J.Shamuratov buringi Nazarxan bolisi, házirig Ámiwdárya rayoniniń Berdaq atindaǵi sovxozinda áh9q-jili diyxan xojaliǵinda dún`yaǵa keledi. Baqsiniń balaliq dáwiri awir qiyinshiliqta ótti. Jas Japaq h-9 jaslarinan baslap aq óziniń boyinda kórkem ónerge degen talpiniw sezimleriniń erte oyanǵanin, qulaǵinda sazlardiń gúwlegen seslerin ańlay baslaydi. Ol áń-áó jaslarinan baslap aq qiz jigitlerdiń geshteklerinde saz shertip qosiq aytatuǵin dárejege jetedi.

Japaq baqsi Súyew baqsiniń izine shákirt bolip ermesede oniń aytqan qosiqlarin, shertken sazin namalarin uliwma baqsishiliq jolin shin iqlas penen kewline qabil etip, sol jolǵa yaǵiniy Súyew baqsi jolina óz iqlasin dóretiwshilik uqibin baqsishiliq jolin baǵdarlaydi.

Jas Japaq jasi úlken awillaslariniń násiyati menen kóp uzamay Súyew baqsiniń shákirti Atajan baqsiniń izine erip, oniń baqsishiliq ónerin úyrene baslaydi. Atajan baqsidan namalardi toliq úyrenip, qosiqti sheber atqariwǵa bar iqlasi menen kirisedi.

- «Maǵan baqsishiliq joldi dásdepki mártebe úyretken qádirdan ustazim Atajan baqsi boldi. Namalardi toliq shertip, qosiqti sheber atqariwǵa sol kisi úyretti. Atajan baqsi orta halli, kishi peyil, sipayi adam edi. Oyin-zawiqti jaqsi kóretuǵin, házilkesh, merekeniń gúli, ayirim namalardi jónlep sherte almaǵan waqitlarimda biraz waqitlarǵa shekem qayta-qayta shertip kórsetip beretuǵin edi»-dep eske túsirgenlerin jazadi.

Qosiqtiń naması J.Shamuratov, sózi A.Dabilov mazmuni tómendegishe

Xaliq ushin belin buwmasa,
Jigitte namis bolmasa,
Watan ushin tuwilmasa,
Onday jigit nege dárkár?

Xaliq húrmetin kózge ilmegen,
Uyat namisti bilmegen,
Watan ushin jan bermegen,
Qorqaq jigit nege dárkár?

Wózine jaman at taǵip,
Qaship júrgen bosań baǵip,
Wóz betine kúye jaǵip,
Júrgen jigit nege dárkár?

Almastan qaytqan polattay
Porsań ayaq jaman attay
**Jariqtaǵi jarǵanattay**
Bolǵan jigit nege dárkár?

Bul qosiq xalıq qosıqları tiykarinda jazilǵan bolip, tereń mánige, aqil násiyatqa júdá bay. Jaslarǵa arnalǵan qosiq bolip, tárbiyaliq áhmiyeti kúshli. Qosiq jaslardi watandi súyiwge oǵan xizmet etiwge, hár qiyli jaramas illetlerden jiraq boliwǵa shaqiradi. Bul qosiq fa major tonliǵinda jazilǵan bolip bir si bimol` alteratsiya belgisi ushrasadi. Dáslep qosiqtiń namasin shertip beriw soń bir qatar aytip kórsetiw kerek. qosiqtiń barliǵin balalar aytiwǵa qiynalsa eki taktlep úyretiw usiniladi. Sońinan áste áste qosip barila beredi. Qiynalip ayta almaytuǵin balalar menen jeke islesiw kerek.

Temani bekkemlew.

Oqiwshilardan taza tema boyinsha alǵan túsiniklerin soraw kerek. hár bir túsindirip ótkenlerdi aytip ótkenlerdi yadinda qalǵan qalmaǵanin biliw ushin oqiwshilarǵa tema boyinsha bir neshe soraw berip ótemiz, eger túsinbegen bolsa onda qaytaldan túsindirip beriw kerek.

Sabaqti juwmaqlay otirip «Námárt jigit nege dárkár» qosiǵi menen Qaraqalpaq xaliq namasi «Nazli» ni tińlatip usi eki shiǵarma arasindaǵi ayirmashiliqti sezip, tińlap túsinip biliwge úyretiw kerek.

Muzikaliq ásbaptiń járdeminde shertip, soǵan tiykarlanip muzika ádebiyatin, muzika sawatin, olardan belgiler h.t.basqalardi sorap ótemiz.

Tapsirmasin beriw. «Ná márt jigit nege dárkár» qosiǵin namasi menen úyrenip keliw. Nama sawatinda ótken temani yadlap oqiw. Muzika ádebiyatinda J.Shamuratovtiń dóretiwshiligin oqip keliw, xaliq namalarin bilip keliw.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar:**

1. Qabıl Maqsetov «Qaraqlpaq xalqiniń kórkem awiz eki dóretpeleri» N. «Bilim» 1996j.
2. Q.Maqsetov «Baqsi jirawlar» kitabi
3. Apraksina O. «Metodika muzikal`noy vospitanie» M.1983
4. N.Musabekov «Muzika ta'rbiyasi» T.1983.
5. A.Vetlugina. «Metodika muzikal`nogo vospitaniya» T.1912
6. M.Avralova., D.Galieva., «Musiqa madaniyati» fanidan majburiy standart nazarot ishlarini wtkazish yuzasidan tavsiyalar. T.2002 y